

Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO DEKLARE ETA IJANS POU YWIT KONTE KI AFEKTE PA
INONDASYON LAK ONTARIO YO**

***Gouvènè a Pase Pak Eta yo Enstwiksyon pou yo Fè Respekte Vitès Limit 8
Kilomèt Pa Èdtan an pou Bato Lwazi ki ap Fonksyone A Yon Distans
1,000 Pye de Rivaj Lak la***

***Yo Te Deplwaye Aktyèlman 20 Machin pou Ranpli Sak Sab yo, Plis Pase Yon
Milyon Sak Sab, Plizyè Santèn Ponn, ak Plis Pase 5,000 Pye Baraj pou Dlo nan
Konte Ki Afekte yo***

200 Manm Gad Nasyonal New York yo Rete Pare pou Deplwaman Imedya

Gouvènè Cuomo [te deklare yon Eta Ijans](#) pou ywit konte ki afekte pa inondasyon Lak Ontario potansyèl yo: Cayuga, Jefferson, Monroe, Niagara, Orleans, Oswego, St. Lawrence, ak Wayne. Òdonans Gouvènè a pase ajans eta yo enstwiksyon pou pwoteje pwopriyete Eta a epi asiste moun ak gouvènman lokal yo nan fè entèvansyon epi rekipere apre inondasyon yo. An plis, deklarasyon an ap ede resous ak atou eta yo asiste pwopriyete prive yo, ki gen ladan plis plasman baryè prevansyon inondasyon yo.

Gouvènè a te pase enstwiksyon tou pou Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) fè respekte vitès limit 8 kilomèt pa èdtan, kote Komisè a dekouvri li apwopriye, pou kontwòle vag dlo yo sou rivaj Lak Ontario a nan zòn ki afekte yo nan kad repons eta a ki ap kontinye yo kont inondasyon sou zòn kotyè rejyon an yo. Kòmanse apati jodi a, bato ki ap fonksyone a yon distans 1,000 pye de rivaj yo, amwens ke yo òdone otreman pa yon Deklarasyon Konte a, dwe kenbe yon vitès limit 8 kilomèt pa èdtan pou redwi enpak sou kay ki bò rivaj yo ak sou enfrastrikti yo ki koze pa aksyon vag dlo yo epi pou pwomouvwa vwayaj an bato an sekirite. Zòn san vag dlo a pa aplike a kominote yo sou tout Rivyè St. Lawrence lan.

"Nou ap prepare kounye a pou menm sa ki te pase nan sitiasyon inondasyon 2017 lan, ke jan moun yo sonje te devastatè epi lakòz anpil domaj ak anpil difikilte pou plizyè milye moun New York yo. Nou ap pale de tout rivaj Lak Ontario an, kidonk se plizyè santèn kilomèt pwopriyete Eta New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sèl seri aksyon ke nou genyen se fè tout sa ke nou kapab pou nou prepare anvan inondasyon an aktyèlman rive - epi se sa n'ap fè. Mwen ap deklare tou yon òdonans ijans pou kominote ki afekte yo ki ap etabli yon limit vitès ki maksimòm 8 kilomèt pa èdtan a distans 1,000 pye de rivaj lan paske dènye sa nou bezwen se vag bato yo ki ap kreye vag dlo adisyonèl. Òdonans ijans lan ap bay nou tou fleksibilite nan jere gouvènman lokal yo ak pwopriyete prive pou ke nou ka enstale baraj pou dlo ansanm ak lòt ekipman pou pwoteje rivaj la."

Nan kondisyon nòmal yo, yo egzije moun ki ap kondwi bato yo obeyi vitès limit 8 kilomèt pa èdtan an a yon distans 100 pye de rivaj la. Ak Eta Ijans aktyèl nan rejyon an, epi pandan ke nivo dlo yo ap kontinye monte toupatou nan Lak Ontario, Gouvènè a ap otorize epi pae Pak Eta yo enstwiksyon mete sou pye limit vitès ki elaji a yon distans 1,000 pye nan zòn ki apwopriye yo, amwens ke yo òdone otreman pa yon Deklarasyon Konte a.

Lanm bato yo kreye yo ka plis agrave ewozyon ki sou bò rivaj la yo, k ap plis menase enfrastrikti rezidansyèl ak minisipal yo. Rediksyon vitès yo pral abouti a vag bato ki pi piti yo epi redwi efè vag dlo yo ap genyen sou bò rivaj la. Vitès ki redwi yo nesèsè tou pou asire vwayaj sou bato ki sekirize, pliske anpil danje ak debri ki cache yo te kouvri pa nivo dlo ki elve yo epi sa ka menase sekirite moun ki nan bato yo. Ajans eta yo ap travay ak minisipalite yo pou yo edike moun k ap monte bato yo epi yo te mete tablo afichaj yo an pozisyon deja nan anplasman estratejik atravè rejyon an.

An plis de 200 manm Gad Nasyonal New York ki aktive pa Gouvènè a pou asiste nan operasyon preparasyon yo, gen 200 manm Gad Nasyonal New York ki pare pou deplwaman imedya nan ywit konte ki afekte pa inondasyon Lak Ontario yo. Jiskadat, Eta a te deplwaye 20 machin pou ranpli sak sab yo, plis pase yon milyon sak sab ki vid ak 560,000 sak sab ki ranpli yo, plizyè santèn ponp, ak plis pase 5,000 pye baraj pou dlo nan rejyon ki afekte yo.

An plis de efò kowòdinasyon Divizyon an ak deplwaman resous yo, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta a te bay yon Pèmi Jeneral pou adrese efè ki gen potansyèl destwiktè pou gwo nivo dlo yo nan Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence akoz presipitasyon akyèl yo ki pi wo pase nivo mwayèn lan ak nèj k ap fonn nan Basen Great Lakes lan. Pèmi sa a, ki baze sou yon Deklarasyon Ijans komisè DEC a te fè, pral akselere pwosesis la pou mèt pwopriyete yo ki bò rivaj la fè reparasyon ki nesèsè yo rapidman epi estabilize pwopriyete yo kont dega inondasyon. Yo prevwa gwo nivo dlo yo pral kontinye epi yo ka lakòz ewozyon ki jeneralize sou rivaj la, andomaje estrikti kotyè yo epi mete an danje enfrastrikti yo menm jan ak inondasyon istorik ki te rive nan sezon prentan 2017 la.

[Nouvo pèmi](#) an disponib sou sit entènèt DEC a. DEC ap aksepte demann jiska 30 Avril 2020. Otorite Pèmi Jeneral la ap an vigè jiska 30 Septanm 2020.

Aktivite yo pèmèt yo gen ladan:

- Reparasyon ak ranplasman an nati estrikti ewozyon yo;
- Reparasyon oswa rekonstwiksyon an nati wout, pon, sèvis piblik ak lòt enfrastrikti piblik ki te la deja yo;
- Estabilizasyon kay, teras, ak pasaj pyeton ki te la deja, ki fonksyonèl epi tanpèt la te andonmaje avèk ranfòsman ak anpilaj tanporè; epi
- Netwayaj blokaj kanal yo nan afliyan Lak Ontario yo ke sediman rivaj la bloke yo.

Pwopriyete kay yo ak minisipalite yo ki gen kesyon sou pèmi yo kapab kontakte [Administratè Rejyon Pèmi DEC](#) yo a.

Gouvènè a te ankouraje tou ofisyèl lokal yo pou yo travay ansanm ak Responsab Ijans Konte yo pou soumèt nenpòt bezwen pou resous yo dirèkteman nan NY Responds, sistèm ki baze sou entènèt Eta a ki pèmèt alafwa gouvènman lokal ak ajans Eta a yo soumèt epi pataje enfòmasyon vital ki an rapò ak ijans yo epi demann pou resous yo. Responsab Ijans yo gen dwa tou soumèt demann atravè Sant Siveyans New York la (New York State Watch Center) nan 518-292-2200 si yo pa kapab gen aksè ak NY Responds nan moman an.

###

Lòt nouvèl yo disponib sou sit entènèt www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE SOUSKRIPSYON OU](#)